## Poukisa gen yon pwogram koleksyon pou objè pwenti ki ize?

Anpil rezidan nan kominote yo genyen pwoblèm medikal, patikilyèman dyabèt, ki mande pou moun bay tèt yo enjeksyon lakay yo.

Akoz enkyetid ki genyen konsènan sekirite ak transmisyon maladi, eliminasyon zegwi, sereng ak lansèt (oswa "objè pwenti") moun itilize lakay yo te lakoz kèk enkyetid lakay rezidan yo, konpayi ki kolekte fatra, ak konpayi ki trete fatra ak objè resiklab.

## Ki jan pwogram konte Lee a fonksyone?

Ou ka ale nan nenpòt nan lokal ki site anba a pou al pran premye resipyan pou objè pwenti ki ize (bwat wouj).

- Aprè enjeksyon nòmal oswa analiz san, jete objè pwenti a nan bwat la. Pinga w koupe oswa mete bouchon sou zegwi a.
- Pinga w eseye repran objè pwenti yo aprè w fin mete yo nan bwat la.
- Pinga w twò plen bwat ki gen objè pwenti yo. Lè bwat la fin plen, itilize lòk ki sou kouvèti a pou fèmen l. Mete moso adezif sou tèt bwat la.
- Retounen resipyan ki byen fèmen an nan nenpòt estasyon ponpye kote yo pran bwat yo, fè echanj pou yo ba w yon lòt nèf epi refè menm bagay la.

Lè w ap fè echanj lan, toujou remèt bwat ki plen an bay pèsonèl ki otorize pou sa. Pinga w janm kite yon bwat ki gen objè pwenti poukont li. ***Si pa gen pèsòn nan estasyon ponpye a pou fè echanj lan, PINGA W kite bwat ki gen objè pwenti w yo, paske yo ka tonbe nan men moun ki pa sipoze genyen yo.***

## Yo te mete sou pye pwogram pou jete objè pwenti nan konte Lee pou:

- Ede w jete zegwi ak lansèt ou yo kòmsadwa
- Ofri yon opyon ki san danje pou anviwonnman an pou jete objè ki pwenti
- Anpeche ni moun ni bèt blese
- Kenbe objè ki pwenti lwen fatra ak bwat resiklaj ki nan kay la
- Ofri piblik la sit koleksyon lokal pou zegwi ak lansèt yo itilize nan kay la
- Anpeche maladi enfektye gaye
- Retire zegwi ki ize nan sikilasyon epi anpeche moun pataje zegwi

## LÒT RESOUS

**Solisyon Lee Health**
**(Lee Health Solutions)**
(239) 424-3127
**leehealth.org/diabetes**

**Dechè Solid Konte Lee**
**(Lee County Solid Waste)**
(239) 533-8000
**leegov.com/solidwaste**

**Cherif Konte Lee (Lee County Sheriff)**
(239) 477-1000
Pou jete medikaman ki ekspire kòmsadwa

**Depatman Sante – Lee**
**(Department of Health - Lee)**
(239) 690-2100

Florida HEALTH Lee County

Dechè Solid Konte Lee

PWOGRAM KOLEKSYON

# OBJÈ IZE KI PWENTI

## NAN KONTE LEE




BIOHAZARD

## Èske w te konnen?

Ou ka ale nan nenpòt estasyon ponpye nan konte Lee pou

- Jwenn yon nouvo resipyan pou mete objè pwenti
- Fè echanj yon resipyan ki plen ak objè pwenti pou yon lòt ki nèf

## Ki sa objè pwenti ye?

Yo defini **"Objè pwenti"** kòm dechè medikal ki gen potansyèl pou pèse oswa blese. Sa gen ladan l zegwi ak sereng ipodèmik ak entravene, ansanm ak lansèt ki jetab.

Yonfwa ou fin sèvi ak yon sereng, zegwi, lansèt oswa lòt "objè pwenti" livin tounen yon pwodui dechè medikal ki potansyèlman danjre. Se poutèt sa li enpòtan pou jete "objè pwenti yo" toutsuit.


**PINGA** w jete objè pwenti nan fatra


**PINGA** w resikle objè pwenti


**PINGA** w jete objè pwenti nan twalèt


**KENBE** yo lwen timoun

## SIT KOTE W KA FÈ ECHANJ

| | |
|---|---|
| **Alva Fire District** | 2660 Styles Rd. |
| **Bayshore Fire** | 17350 Nalle Rd. |
| **Boca Grande Fire** | 360 E. Railroad Ave. |
| **Bonita Springs Fire Dept.** | 28055 Mango Dr.<br>27701 Bonita Grande Dr.<br>27490 Old 41 Rd.<br>8850 West Terry St.<br>25001 S. Tamiami Tr. |
| **Cape Coral** | 4610 Coronado Pkwy.<br>1029 Diplomat Pkwy. E.<br>3623 W. Gator Cir.<br>4540 Chiquita Blvd. S.<br>4107 Pelican Blvd.<br>1627 Everest Pkwy.<br>2007 Santa Barbara Blvd.<br>701 Nicholas Pkwy.<br>707 SW First St.<br>3942 Burnt Store Rd. N.<br>1038 Burnt Store Rd. |
| **Captiva** | 14981 Captiva Dr. Box 477 |
| **Upper Captiva** | 4511 Hodgepodge Ln. |
| **Estero** | 8631 Country Rd.<br>21300 Fire House Ln.<br>8005 Sweetwater Ranch Blvd.<br>21500 Three Oaks Pkwy. |
| **Fort Myers Beach** | 3043 Estero Blvd.<br>17891 San Carlos Blvd.<br>121 Lenell Rd. |
| **Fort Myers** | 2033 Jackson St.<br>1915 Jefferson Ave.<br>4520 Cummins Ct.<br>9700 E. Treeline<br>1035 Terry St.<br>4000 Veronica Shoemaker Blvd. |
| **Fort Myers Shores** | 12345 Palm Beach Blvd. |
| **Iona/ McGregor** | 16551 McGregor Blvd.<br>15961 Winkler Rd.<br>5401 Winkler Rd.<br>6061 South Pointe Blvd.<br>15660 Pine Ridge Rd. |
| **Lee County Department of Health** | 83 Pondella Rd.<br>3920 Michigan Ave.<br>5624 8th St. W, Lehigh Acres |
| **Lehigh Acres** | 636 Thomas Sherwin Ave. S.<br>3120 16th St. SW |
| **Matlacha/ Pine Island** | 5700 Pine Island Rd.<br>5015 Stringfellow Rd.<br>14861 Stringfellow Rd. |
| **North Fort Myers** | 1280 Barrett Rd.<br>16290 Slater Rd.<br>2900 Trail Dairy Cir. |
| **San Carlos** | 19591 Ben Hill Griffin Pkwy.<br>8013 Sanibel Blvd.<br>16901 Island Park Rd. |
| **Sanibel** | 2351 Palm Ridge Rd.<br>5171 Sanibel/Captiva Rd. |
| **South Trail** | 2100 Crystal Dr.<br>13500 Sophomore Ln.<br>5531 Halifax Ave.<br>12780 Commonwealth Dr. |
| **Tice** | 5850 Buckingham Rd.<br>9351 Workmen Way |